




Preparasyon Pou Ansèyman Adistans & Plis Enfòmasyon pou Paran

Avèk tout sipò sa a, ou pare pou plonje nan aprantisaj adistans! (11 me 2020)
Pou Repons a Kesyon yo Poze Souvan tanpri ale nan <http://l.sdpbc.net/2q8pj>.



1. Gen yon Aparèy

Ou kapab jwenn aksè nan kontni ansèyman vityèl nan nenpòt aparèy ki konekte sou entènèt la, men yo prefere aparèy laptop yo. Tanpri, rele lekòl ou a pou plis enfòmasyon si ou pa genyen yon aparèy. Fanmi yo kapab prete yon aparèy pou chak nivo (Lekòl Elemantè, Mwayen, ak Segondè) nan lekòl kote pitit yo ale.



2. Gen Aksè sou Entènèt

L ap nesesè pou w genyen yon koneksyon rapid ki fyab pou jwenn aksè nan kontni kou a. Comcast ap ofri de (2) mwa gratis sou entènèt epi yo kapab jwenn li nan 1-855-846-8376 oswa www.internetessentials.com. Ou kapab jwenn lòt opsyon nan <http://l.sdpbc.net/6ry6x>.

3. Konnen Modpas ak Non Itilzatè w

Non itilzatè otomatik (*Default student usernames*) nan Distri a se chak uit (8) chif ki nan ID elèv la avèk yon "S" devan. Si w bezwen asistans pou retabli yon modpas kontakte Biwo Sèvis IT nan 561-242-4100.

4. Konekte nan Pòtay Distri a

Vizite mysdpbc.org pou konekte nan Pòtay Distri a.



5. Klike sou ti kare Pòtay Google Classroom nan

Tape "Google" nan ba rechèch la sou paj prensipal la epi klike sou senbòl Google Classroom nan.

6. Gen Kòd Salklas la

Anpil pwofesè ajoute elèv yo nan *Google Classroom* yo, men si pa w la p at fè sa, tcheke imèl pitit ou a pou kòd salklas la, oswa kontakte lekòl la oswa pwofesè a pou kòd yo.

7. Kominike avèk Pwofesè w chak jou atravè Google Classroom

8. Genyen Resous Aprantisaj Adisyonèl ki Disponib

- A. Leson ak resous disponib nan palmbeachschools.org/distancelearning
- B. Leson televize nan palmbeachschools.org, Comcast 235, AT&T 99 ak 12.2

Senyò yo ap bezwen retounen aparèy yo avan gradyasyon. Tout lòt elèv yo ap jwenn plis enstriksyon avan lekòl ouvè nan mwa out.



Sipò Sosyo Emosyonèl

Distri a etabli yon liy asistans pou Sante Mantal Elèv nan (561) 432-6389. Anplwaye yo ap disponib lendi-vandredi, 8 a.m. - 4:30 p.m. Sipò imedyat pou sante mantal disponib tou 24/7 lè w rele 2-1-1. <https://211palmbeach.org/emergency-palmbeach>

Sit Entènèt District's Caring First

<https://www2.palmbeachschools.org/caringfirst/>



Sipò pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè (*English Language Learners (ELL)*)

Pou kesyon espesifik ELL tanpri rele ESOL Kowòdinatè/Kontak nan lekòl ou a.

Trandiksyon ak teknoloji pou soutitre ap disponib.

- Youtube & Khan Academy genyen (soutitre).
- Soutitre disponib pou *Google Meets*.
- *Brain Pop* disponib an Panyòl ak Fransè.



Lokal k ap bay Manje yo Ouvè Pandan Lekòl yo Fèmèn & Pandan Ete a

Pou lè distribisyon ak lokal yo, ale nan PalmBeachSchools.org/feedingsites.



Enskripsyon Alavans pou Jadendanfan

Si ou genyen yon timoun ki pral gen senk an nan dat 1^{ve} septanm 2020 oswa anvan, epi ki pa t janm enskri nan yon lekòl piblik nan rejyon Palm Beach, nou ankouraje w enskri pitit ou a nan lekòl li. Vizite PalmBeachSchools.org/KindergartenPreEnrollment.

Tutor.com Live Homework Help

Leson patikilye gratis sou entènèt disponib nan matematik, syans, syans sosyal ak kominikasyon oral/ekri nan www.pbclibrary.org/tutorcom. Resous gratis pou etid disponib tou 24/7.

Pwogram Lekti pou Ete 2020 – Imajine Pwòp Istwa w!

<http://www.pbclibrary.org/summer-reading-program-2020>

Kòmanse lendi 1^{ve} jen jiska vandredi 24 jiyè 2020. Tout fanmi an kapab patisipe! Pou chak 5 liv yo li, ou kapab antre nan yon tiraj pou jwenn yon chans pou genyen yon kat kado Amazon \$ 25.00.

Mentor Center

Pou enfòmasyon ki baze sou opòtinite pou Gid ki baze nan kominote a, vizite <http://l.sdpbc.net/t2o4d> oswa pou plis enfòmasyon ale nan <https://unitedwaypbc.org/mentor/>.

Kenbe Enfòmasyon sou Kijan pou yo Kontakte ou Ajou

Distri Lekòl la kominike enfòmasyon enpòtan epi yo pa kapab konekte avèk ou sòf si enfòmasyon ou ajou. Pou mete nimewo telefòn, adrès imèl oswa adrès ou ajou tanpri kontakte lekòl ou.

Gradyasyon Vityèl

Pou enfòmasyon sou gradyasyon 2020, ale nan: <https://palmbeachschools.org/graduation2020>

Kontinye Aprann!

Anpil resous aprantisaj adistans ap kontinye disponib pandan ete a.

Pou plis enfòmasyon sou Aprantisaj Adistans, ale nan <http://l.sdpbc.net/5tt2j>

Pou plis enfòmasyon sou Sipò Kowonaviris SDPBC tanpri ale nan <http://l.sdpbc.net/2hwo8>